

## Kesyon ki poze le pli souvan sou Pati Sivil Espesyal la

(Special Civil Part Frequently Asked Questions – Haitian Creole)

- Kisa yo rele Pati Sivil Espesyal la? Ki tip Reklamasyon ki Prezante le pli souvan?
- Ki tip reklamasyon ki pakab prezante?
- Ki kote pou mwen prezante yon Plent?
- Kilès ki gendwa Prezante yon Plent?
- Kijan pou Prezante yon Plent?
- Entèprèt oswa Aranjman Espesyal
- Konbyen li koute pou Prezante yon Plent?
- Èske mwen gendwa prezante yon Repons a yon Plent?
- Konbyen Prezante yon Repons koute?
- Kijan pou mwen prepare m pou m al nan jijman?
- Ki sa kap pase jou jijman a?
- Èske mwen gendwa fè rekou dapèl?

### Kisa yo rele Pati Sivil Espesyal la?

Tribinal Espesyal Sivil la kote w kab asiyen yon moun oswa yon biznis (moun yap asiyen a) pou rekipere yon montan lajan rive jiska \$20,000 ke w kwè yo dwe w. Si reklamasyon ou la se \$5,000 ou mwens ou kapab asiyen nan Seksyon Ti Reklamasyon (Small Claims Section).

Seksyon sa a sou koze Sivil Espesyal eksplike kijan pou prezante yon plent, reponn a yon plent, prezante rekou dapèl epi tou, li bay enfòmasyon jeneral konsènan koze Sivil Espesyal. Se pa bi li pou founi oswa ranplase konsèy legal oubyen reponn tout kesyon ou genyen konsènan tribunal sa a. Pou konsèy legal konsènan tout dwa w yo, ou ta fèt pou kontakte yon avoka. Si w pa gen avoka, ou ta mèt kontakte Sèvis Rekomandasyon Asosyasyon Bawo Konte w a. Si w pa gen mwayen pou anboche yon avoka, ou ta mèt kontakte Pwogram Sèvis Legal nan konte w an pou wè si w kalifye pou resevwa sèvis legal gratis.

Seksyon Sivil Espesyal la se youn pami twa seksyon Pati Tribunal Espesyal Sivil la. De lòt seksyon yo se pou koze Ti Reklamasyon konsènan Pwopriyetè Lokatè. Seksyon Sivil Espesyal la limite a ka kote reklamasyon rive a \$20,000 oubyen mwens. Si w panse ke w gendwa rekipere plis de \$20,000 ou ta fèt pou prezante ka w an nan Divizyon Legal Tribunal Siperyè a.

*Si w kwè ke w gendwa resevwa dedomajman ki ta depase \$20,000, men w swete asiyen nan Pati Sivil Espesyal la, w ap renonse a dwa pou rekipere dedomajman ki ta depase \$20,000. Ou pap kab reklame lajan adisyonèl la nan yon litij apa.*

### Ki tip Reklamasyon ki Prezante le pli souvan?

Sa ki swiv yo se yo lis jeneral reklamasyon ke w kab prezante nan Seksyon Sivil Espesyal la:

- Vyolasyon yon kontra oral oswa alekri.
- Ranbousman lajan ki te sèvi antan ke pèyman inisyal.

- Dega sou yon pwopriyete akòz aksidan machinn.
- Dega oswa pèdi pwopriyete.
- Plent konsomatè pou machandiz ki gen defo oswa fabrikasyon defektye.
- Pèyman pou travay ki fèt.
- Reklamasyon pou chèk san pwovizyon.
- Ranbousman depo garanti lokatè.

## Ki tip reklamasyon ki pakab prezante?

- Reklamasyon pou neglijans Pwofesyonèl (pa egzanp, neglijans ke yon doktè ta komèt, dantis oswa avoka).
- Reklamasyon pou sipò ak pansyon alimantè oswa dispit adomisil.
- Reklamasyon ki gen pou wè ak siksesyon epi titèl.

*Tanpri sonje byen ke si w panse ke w gendwa a dedomajman ki ta depase \$20,000 men ou toujou vle asiyen pati a nan Seksyon Sivil Espesyal la w ap renonse a dwa w pou rekipere dedomajman ki depase \$20,000. Ou pap kab reklame lajan adisyonèl la nan yon litij apa.*

## Ki kote pou mwen prezante yon Plent?

Yon plent fèt pou prezante nan Biwo Pati Sivil Espesyal la nan konte kote omwen youn nan pati w ap asiyen a abite oswa kote biznis pati a sitiye. Yo konsidere yon pati komèsyal, yon pati ki sitiye nan yon konte kote lap fè komès oswa nan konte kote biwo li enskri pou fè komès. Si gen plis de yon pati, plent la kab prezante nan konte kote nenpòt nan pati yo abite oswa sitiye. Si okenn nan pati yo pa sitiye oswa abite nan Noudjèze, plent la fèt pou prezante nan konte kote rezon pou plent la te fèt. Lis tout Biwo Pati Sivil Espesyal yo, adrès yo ak nimewo telefòn nan Noudjèze yo disponib sou Entènèt nan [njcourts.gov](#).

## Kilès ki gendwa Prezante yon Plent?

Pou asiyen nan Pati Sivil Espesyal la, ou fèt pou gen 18 an oswa pi gran. Si moun kap asiyen a gen 18 an, reklamasyon an fèt pou prezante pa yon paran oubyen yon responsab. Yon Plenyan oswa yon akize ki ta yon kòporasyon, asosyasyon, (nenpòt ki antite komèsyal apa de pwopriyetè eksklizif) fèt pou reprezante pa yon avoka depi reklamasyon an depase \$5,000. Yon Reprezantan, Administratè, direktè, ajan oswa anplwaye yon kòporasyon gendwa prezante oswa defann tèt li kont yon reklamasyon de \$5,000 ou mwens.

## Kijan pou Prezante yon Plent?

W ap jwenn yon fòm Sivil Espesyal ansanm ak tout enstriksyon li disponib nan nenpòt ki Biwo Pati Sivil Espesyal Noudjèze epi yo disponib sou entènèt nan [njcourts.gov](#). Manda konparisyon ansanm ak plent la kab depoze atravè Dokiman Jidisye ki Soumèt pa vwa Elektwonik (JEDS), pa lapòs oswa an pèsòn nan Biwo apwopriye Pati Sivil Espesyal la (*Ale nan "Ki kote pou mwen prezante yon Plent?"*). Lè w ap prezante yon plent, ou menm, antan ke plenyan a, ou fèt pou:

- Bay non ou ak siyati, adrès ak nimewo telefòn ou.
- Pou asire ke yo sèvi plent la korèkteman, bay non korèk la (non yo) ansanm ak adrès (adrès yo) moun (moun yo) oswa biznis (biznis yo) ki nonmen antan ke akize nan plent la. Li enpòtan anpil ke akize a (akize yo) byen idantifye antan ke endividyle, pwopriyetè eksklizif, asosyasyon oswa kòporasyon.
- Mansyone montan ke w ap mande a.
- Mansyone rezon pou ki akize a (akize yo) dwe w lajan a.
- Mansyone si aktyèlman, gen yon lòt ka ki gen pou wè ak ou ansanm ak lòt pati a (pati yo) epi, si se ta sa, non tribinal la.
- Pa bay okenn nan *"idantite konfidansyèl oswa pèsonèl"* pati a nan plent la oswa nan nenpòt ki dokiman ou ta prezante nan tribinal amwens ke lalwa, lòd tribinal, règleman oswa direktiv administratif ta egzije li.
- Siye, date epi konplete fòm la.
- Peye frè korèk pou prezante ka ansanm ak tout frè sèvis yo lè w ap prezante plent ou an ba Biwo Pati Sivil Espesyal la.

\* "Idantifikasyon konfidansyèl ak pèsonèl" defini antan ke nimewo sekirite sosyal, nimewo lisans kondwi, nimewo plak machinn, nimewo polis dasirans, nimewo kont finansye ki **aktif**, nimewo kat kredi ki **aktif** oswa enfòmasyon sou stati endividé a nan lame. Ou gendwa founi dènye 4 nimewo kont aktif yon pati si li fè pati plent la epi ke kont la pata kab idantifye.

Aprè w finn prezante yon plent, yo pap fikse yon dat pou jijman a amwens ke akize a ta prezante yon respons alekri, akonpaye de tout frè apwopriye yo ba Biwo Pati Sivil Espesyal la nan 35 jou apati de dat ke yo te sèvi li ak plent la. Si akize a reponn alekri nan yon delè de 35 jou, ya va fikse yon dat pou jijman. Tribinal la va notifye tout pati yo.

Si akize a pa ta reponn nan delè 35 jou yo, Tribinal la ap emèt yon jijman pa defo. Plenyan a kab aplike epi mande Biwo Pati Sivil Espesyal la pou anrejistre yon "jijman pa defo" nan si mwa apati de dat ke yo te anrejistre defo a. Aprè peryòd si mwa a, yo fèt pou prezante yon petisyon pou yo ka jwenn jijman pa defo a. Atravè yon demann pou jijman pa defo, tribinal la va deside montan lajan a, si lap akòde lajan, ba pleyan a poutèt akize a pat reponn plent la a lè oubyen li pat konparèt nan tribinal. Ou fèt pou soumèt yon afidavit ansanm ak tout lòt dokiman ki kab verifye montan reklamasyon ou an epi pwouve ba tribinal la ke moun ou asiyen a pa yon manm aktif lame Lèzetazini. Prèv sèvis militè pa aplike ba akize komèsyal yo. Kab gen yon odyans nan tribinal pou pèmèt ou pwouve reklamasyon kote montan w ap reklame a pakab pwouve ak dokiman. Yon pakè pou pleyan litij kap rezante tèt yo sou kijan pou aplike pou yon jijman pa defo disponib nan nenpòt ki Biwo Pati Sivil Espesyal Noudjèze a epi tou, li disponib sou Entènèt nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

- Si plent la se pou dedomajman lajan akòz yon aksidan otomobil epi jijman an egzije pou yon defandè peye \$500 oswa plis, defandè a fèt pou peye nan yon delè de 60 jou.
- Si defandè a pa peye nan delè 60 jou sa yo, plenyan a gen dwa fè demann atravè Biwo Pati Sivil Espesyal la pou Komisyon Otomobil New Jersey (New Jersey Motor Vehicle Commission) a estope privilèj defandè a genyen pou kondwi ak pou enskripsyon jiskaske jijman a fin peye. Pa gen frè pou tip demann sa a.

## Entèprèt oswa Aranjman Espesyal

Sistèm Jidisyè ap fè aranjman rezonab pou pèmèt nenpòt moun andikape jwenn aksè ak patisipe nan tout evenman jidisyè yo. Tanpri kontakte Kowòdinatè ADA a pou mande yon aranjman espesyal. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](#).

Sistèm Jidisyè Nyoudjèze a founi sèvis entèprèt. Si w bezwen entèprèt, notifye tribunal la le pli vit posib. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](#).

## Konbyen li koute pou Prezante yon Plent?

Frè pou prezante yon plent nan Seksyon Pati Sivil la se:

- \$50 pou yon plent kote montan w ap reklame a se \$5,000 oubyen mwens.
- \$75 pou yon plent kote montan w ap reklame a depase \$5,000.
- \$5 pou chak akize adisyonèl.
- Frè pou chak defandè ki sèvi pa lèt sètifye oswa lapòs nòmal se \$7. Yon frè \$7, se frè sa a ke yo chaje pou yon akize si ofisyè a sèvi plent la an pèsòn. Pou chak akize adisyonèl ke w ta vle ofisyè tribunal la al sèvi an pèsòn se yon \$7 adisyonèl plis mileyaj ki aplike a. Emèt yon chèk oswa money order peyab ba **Treasurer, State of New Jersey**.
- Yon frè adisyonèl de \$100 egzijib pou tout demann de jijman ak sis manm jiri.

*Si w pa gen mwayen pou peye tout frè pou prezante yon plent, ou gendwa aplike pou mande tribunal la pou kalifye w antan ke endijan epi jij la ta kab egzonere w de peye frè yo.*

## Èske mwen gendwa prezante yon Repons a yon Plent?

Si yo nonmen ou antan ke akize nan yon ka, ou oblige prezante yon repons alekri nan Biwo Pati Sivil Espesyal la nan konte kote plent la prezante nan nonm de jou ki make sou manda konparisyon a (35 jou). Ou gendwa depoze repons la pa vwa Elektwonik atravè Sistèm pou Soumèt Dokiman Jidisyè pa vwa Elektwonik (JEDS) oswa lapòs nòmal oubyen an pèsòn nan Biwo Pati Sivil Espesyal apwopriye a. Ou fèt tou pou livre yon kopi repons la ba avoka Pleyan a pa swa lapòs nòmal oubye voyel ba Pleyan a (si yo pa gen avoka) pa lapòs nòmal ak lèt sètifye. Yon pakè repons pou moun ki nan litij ki ap reprezante tèt yo ansanm ak tout enstriksyon ki akonpaye li yo disponib nan nenpòt ki Biwo Pati Sivil Espesyal Noudjèze a epi tou, li disponib sou Entènèt nan [njcourts.gov](#).

Si w kwè pleyan a dwe w lajan, ou fèt pou ajoute yon kont-reklamasyon ansanm ak repons la. Si w kwè ke yon lòt moun ki nonmen antan ke akize nan plent la dwe w lajan, ou fèt pou ajoute repons la ak yon demann rekondansyonèl kont akize sa a. Finalman, si w kwè ke yon pati ki pa nonmen nan plent la dwe w lajan, ou fèt pou ajoute yon plent twazyèm pati nan repons la. Lè w apla, asire w byen ke w bay enfòmasyon swivan sa yo:

- Nimewo dosye a ak tit ka a ki parèt sou plent la.
- Non ou ak siyati w, adrès ak nimewo telefòn.
- Non korèk ak adrès (oswa non yo ak adrès yo) pleyan a (pleyan yo).
- Rezon (rezon yo) pouki ou dispute reklamasyon pleyan a. Mete ladann montan lajan ke w ap reklame a, si w ap enkli yon demann konvansyonèl, Kont-reklamasyon, oswa plent nenpòt ki tyès pati ansanm ak repons ou a.
- Pa bay okenn nan *"idantite konfidansyèl oswa pèsonèl"* pati a nan plent la oswa nan nenpòt ki dokiman ou ta prezante nan tribinal amwens ke lalwa, lòd tribinal, règleman oswa direktiv administratif ta egzije li.
- Ou fèt pou konplete fòm manda konparisyon a si w ap prezante yon repons ki **gen ladann plent yon tyès pati** (yon nouvo pati ke w ap ajoute nan pousswit sivil la). Ou fèt pou peye tout frè sèvis ki aplike yo, piske tribinal la oblige sèvi repons la ansanm ak plent ba tyès pati a, sou non ou ba nouvo pati (pati yo) ke w ap ajoute nan pousswit sivil la.

Ou fèt pou siyen repons la, ak peye tout frè anrejistreman lè w ap prezante repons la ba Biwo Pati Sivil Espesyal la.

Si w pa reponn plent la alekri nan delè jou ki parèt sou manda konparisyon a, yo ta kab emèt yon "jijman pa defo" kont ou. Atravè yon jijman pa defo, tribinal la va deside montan lajan a, si li ta akòde nenpòt ki lajan, ba pleyan a paske ou pat reponn plent la a lè. Si w reponn plent la a lè, tribinal la va notifye ou pa lapòs de dat jijman a.

\* "Idantifikasyon konfidansyèl ak pèsonèl" defini antan ke nimewo sekirite sosyal, nimewo lisans kondwi, nimewo plak machinn, nimewo polis dasirans, nimewo kont finansye ki **aktif**, nimewo kat kredi ki **aktif** oswa enfòmasyon sou stati endividé a nan lame. Ou gendwa founi dènye 4 nimewo kont **aktif** yon pati si li fè pati plent la epi ke kont la pata kab idantifye.

## Konbyen Prezante yon Repons koute?

- \$30 pou yon repons.
- \$50 pou yon repons ak yon demann rekondansyonèl, kont reklamasyon oswa yon plent tyès pati kote montan a se \$5,000 oubyen mwens.
- \$75 pou yon repons ak yon demann rekondansyonèl, kont-reklamasyon oswa yon plent tyès pati kote montan depase \$5,000.

Remak: Grefye tribunal la ap fè w peye frè adisyonèl de \$7 pou sèvi papye plent la ba tyès pati oswa novo pati (pati yo) ke w ap ajoute nan reklamasyon a.

*Si w pa gen mwayen pou peye tout frè pou prezante yon plent, ou gendwa aplike pou mande tribunal la pou kalifye w antan ke endijan epi jij la ta kab egzonere w de peye frè yo.*

## **Kijan pou mwen prepare m pou m al nan jijman?**

### **Entewogatwa**

Règleman tribunal dispoze pou echanj enfòmasyon ant pati yo fèt. Ke w se Pleyan oswa akize, tout kesyon pati opozan a, ke yo rele "entewogatwa yo," fèt pou jwenn repons nan yon delè de 30 jou apati de dat ou resevwa yo.

### **Pleyan**

Si w se pleyan a, se w ki pou pwouve ka w an. Fè aranjman pou tout temwen ansanm ak tout dosye w pral bezwen yon pou pwouve ka w an nan jijman a disponib pou dat jijman a pwogramme. *Yon deklarasyon alekri, menm si li fèt sou sèman, pa admisib nan tribunal.* Sèl temwayaj temwen (temwen yo) konsènan sa yo wè oswa sa yo tandemisib. Prepare tout kesyon ou yo an avans. Prezante nan tribunal ak tout dosye w yo de nenpòt ki tranzaksyon ki ta ka ede w pwouve ka w an. Dosye sa yo kab enkli:

- Chèk ki déjà touche, money orders, tout resi yo.
- Bòdwo, kontra yo, devi yo, kontra lokasyon yo.
- Tout korespondans.
- Tout foto.
- Tout lòt dokiman ki pwouve reklamasyon ou an.

*Si w ta rive fè yon antant nan ka a ak akize a anvan dat jijman a, rele Pati Sivil Espesyal la nan Biwo Grefye a touswit pou konfime ke ka a regle epi pou yo deziye li antan ke ka ki déjà règle.*

### **Akize**

Si w se akize a, ou fèt pou prepare dosye pa w menm jan ke Pleyan a prepare dosye pa li. Fè tout temwen nesesè yo konparèt ansanm ak tout dokiman yo nan tribunal la nan dat ki pwogramme pou jijman a. Ou fèt pou vinn nan tribunal la a lè epi dat ki parèt sou avi jijman a. Si w pa prezante, yo kab emèt yon jijman pa defo kont ou epi yo ta kab fè w peye lajan pleyan di w dwe li.

*Si w ta rive fè yon antant nan ka a ak pleyan a avan dat jijman a, rele Pati Sivil Espesyal la nan Biwo Grefye a touswit pou konfime ke ka a regle epi pou yo deziye li antan ke ka ki déjà règle.*

## **Ki sa kap pase jou jijman a?**

Akize ak Pleyan an fèt pou konparèt nan tribunal daprè enstriksyon ki parèt sou manda damne a. Pare pou prezante tout temwen ou yo ansanm ak tout prèv ou pral bezwen yo pou prezante

dosye w an. Jou ki pwograme pou jijman an, tribunal la ta kab ede w regle ka a atravè yon medyasyon ak yon medyatè kalifye oswa voye w nan yon konferans pou regle ka a ak yon tyès moun ki pa nan pati pri. Moun sa a pral eseye ede pleyan a ak akize a rive a yon antant satisfezan. Medyatè a oswa tyès moun ki pa nan pati pri pa yon jij. Si nou pa rive a yon antant, tout efò posib ap fèt pou ka w an al devan jij la pou jijman menm jou a.

*Si w ta gaye ka a, epi ou ta bezwen enfòmasyon sou kijan pou touche sou jijman a, w ap kab jwenn enfòmasyon sa a nan yon depliyan ki rele “[Kijan pou touche jijman monetè](#)” (Collecting a Money Judgment). Depliyan sa a disponib nan nenpòt Biwo Pati Sivil Espesyal Noudjèze ak sou Entènèt nan [njcourts.gov](#).*

## Èske mwen gendwa fè rekou dapèl?

Si w, antan ke pleyan, pa dakò ak desizyon tribunal la, ou gendwa fè rekou dapèl ka a ba Seksyon Apelasyon Tribunal Sipèrye nan yon delè de 45 jou apati de dat desizyon final la emèt. (Enfòmasyon a disponib nan [njcourts.gov](#)). Ou fèt pou prezante Avi Rekou Dapèl la, yon kopi pou Mande Transkripsyon a ansanm ak Dokiman Enfòmasyon Jeneral Ka a nan yon delè de 45 jou ba Grefye Seksyon Rekou Dapèl la (ki sitiye nan Huges Justice Complex, Trenton) epi remèt kopi yo bay:

- Tout pati ki te konparèt nan tribunal e ki fè pati dosye a.
- Biwo Pati Sivil Espesyal la de kote apèl la inisyé.
- Jij ki deside ka a.

Ou fèt pou peye yon frè de \$250 pou prezante ka a ak Avi Rekou Dapèl la ansanm ak yon depo de \$300 ba Grefye Seksyon Rekou Dapèl la nan yon delè de 30 jou apati de Avi Rekou Dapèl la. Depo sa a kab sèvi pou peye yon aranjman oswa frè tribunal yo si w ta pèdi apèl la. Si apèl la ta reyisi, yap ranbouse w depo a.

Ou fèt pou jwenn yon transkripsyon tou (yon kopi dosye sak te fèt nan tribunal la) pandan jijman a. Demann pou yon transkripsyon fèt pou prezante ba Biwo Pati Sivil Espesyal la nan konte kote ka a te jije. Ou fèt pou depoze nan men Grefye a frè previ transkripsyon a (daprè sa stenograf jidisyè a ta detèmine, Grefye a oswa ajans kap prepare liya.) oubyen \$300 pou chak jou oswa pati jounnen jijman a. Ou fèt pou prezante twa kopi transkripsyon a nan Biwo Grefye Seksyon Rekou Dapèl la. Tout kesyon osijè de yon rekou dapèl fèt pou adrese ba Biwo Grefye Seksyon Rekou Dapèl la nan 609-815-2950 oubyen ba yon avoka.